



Pou Piblikasyon Imedya: 23/10/2023

GOUVÈNÈ KATHY HOCHUL

**GOUVÈNÈ HOCHUL ANONSE JOAN KESNER PRAL SÈVI KÒM PREZIDAN
KÒPORASYON DEVLOPMAN PÒ KANAL ERIE**

Kesner pral dirije plan Gouvènè a pou [amelyore aksè](#) nan bò lanmè Buffalo a, ki gen ladan reyamenajman transfòmètè [North Aud Block](#)

Yo te nonmen Leslie Zemsky ak Sam Capitano pou sèvi nan Konsèy ECHDC

Gouvènè Kathy Hochul te anonse jodi a Joan Kesner, ansyen direktè rejyonal Gouvènè a pou Lwès New York, pral sèvi kòm prezidan Konsèy Administrasyon Kòporasyon Devlopman Pò Kanal Erie (Erie Canal Harbor Development Corporation, ECHDC). Gouvènè a te nonmen Kesner nan konsèy la epi li te rekòmande l tou kòm pwochen Prezidan Konsèy ECHDC a, ke konsèy la te apwouve jodi a. Leslie Zemsky, vis prezidan ak patnè nan Larkin Development Group, ak Sam Capitano, manadjè biznis nan Sendika Entènasyonal Travayè nan Nò Amerik (Laborers International Union of North America, LIUNA), Konsèy Distri Travayè nan Nò Eta New York (Upstate New York Laborers District Council, UNYLDC), te nonmen tou pou sèvi nan Konsèy ECHDC a. ECHDC se ajans eta a ki sipòte ak ankouraje kreyasyon enfrastrikti ak aktivite piblik nan Canalside ak Outer Harbor nan Buffalo epi travay pou atire yon investisman prive epi amelyore jwisans bò lanmè a pou rezidan ak vizitè nan lwès New York yo.

"Joan Kesner se yon lidè devwe ak talantye ki pral konsantre efò eta a pou revitalize ekonomi nou an, kòmanse nan bò lanmè a", **Gouvènè Hochul te deklare.** "Pandan n ap ogmante efò pou ankouraje vizitè yo, devlopè yo ak investisè yo rive bò dlo a, lespri kolaborasyon Joan ak travay di li pral asire pwogrè kontinyèl nan inisyativ Kòporasyon Devlopman Pò Kanal Erie a. Mwen akeyi Leslie Zemsky ak Sam Capitano tou nan konsèy la epi mwen gen konfyans ekspètiz yo pral yon avantaj pou fè bò lanmè Buffalo avanse".

Prezidan Kòporasyon Devlopman Pò Kanal Erie, Joan Kesner, te deklare, "Mwen pa ta ka pi fyè ak plis eksite pou m kontinye pwojè devlopman ki pral pote plis moun sou bò lanmè Buffalo. Bò lanmè a ak devlopman li se yon gwo priyorite Gouvènè Hochul epi mwen espere travay avèk li pou transfòme destinasyon sa a epi kontinye eksitasyon an, sitou ki mennen jiska bisantnè achèvman Kanal Erie a an 2025. Mwen kontan pou m travay avèk konsèy la ak anplwaye ECHDC ki gen talan ak kreyatif. Nou pral travay ansanm pou fè bò lanmè nou an tounen yon sèl nou tout ka jwi ak fyè de li. Mwen

remèsye Gouvènè Hochul pou opòtinite enkwayab sa a ak gwo angajman li anvè Lwès New York".

Joan Kesner (foto a disponib [isit la](#)), natif natal Lwès New York, te sèvi dènyèman kòm Direktè Rejyonal Lwès New York pou Gouvènè Hochul pou fè avanse pwojè rejyonal ak inisyativ kle yo ki reprezante Gouvènè a nan evènman kominotè yo. Anvan sa, Kesner te travay nan Sena New York la pandan plis pase 26 ane kòm asistan egzekitif Senatè Eta New York William T. Stachowski kote li te jere sibvansyon ak devlopman pwojè nan distri a. Li te patisipe nan negosyasyon ak Otorite Enèji New York (New York Power Authority, NYPA) pou rive nan yon seri akò ki te fasilite lisans fonksyonman 50 ane pou Pwojè Enèji Niagara epi konprann wòl ECHDC. Kesner te jwe yon wòl enpòtan tou nan defann sekirite dlo epi li te travay pou ede inite sekou nan dlo ki touche ak volontè ki reponn a ijans nan Lak Erie, sa ki te mennen nan fòmasyon ALERT (Ekip sekou ijans lokal avanse) nan Lwès New York ak Ontario, Kanada, epi te sipòte premye elikoptè cherif Konte Erie a. Kesner te eli tou pou sèvi nan Konsèy Minisipal Hamburg pandan plis pase 14 ane. Kesner te deja travay nan biwo grefye konte nan Konte Erie, epi answit kòm manadjè distri Kathy Hochul ki te manm Kongrè a soti jen 2011 pou rive mas 2012. Kesner te ale nan Hilbert College epi li te gradye nan SUNY Empire avèk yon diplòm nan syans liberal. Li ap viv nan Hamburg avèk mari l epi li gen de timoun.

Leslie Zemsky aktyèlman se vis prezidan ak patnè Larkin Development Group. Larkin Development Group te renove yon seri bilding depo sou bò lès Buffalo ki te yon fwa fè pati Larkin Soap Company. Renovasyon depi 2002 yo gen ladan plis pase yon milyon pye kare espas biwo, prèske yon kilomèt renovasyon nan lari ak yon espas rasanbleman piblik pou evènman yo rele Larkin Square. Konpayi an kontinye devlope "Larkinville" atravè nouvo pwojè sou Seneca Street, ki gen ladan plizyè pwojè rezidansyèl ak komèsyal pou itilizasyon misk ak yon pak piblik ki fèk planifye. Kòm "Direktè Plezi" nan Larkin Square, Zemsky te sipèvize evènman ki atire plis pase 130,000 moun nan Larkin Square chak sezon. Evènman popilè yo enkli Madi Kamyon Manje (Food Truck Tuesdays), Mèkredi An Dirèk nan Larkin (Live at Larkin Wednesdays) ak Seri Otè Larkin Square (Larkin Square Author Series). Li patisipe anpil tou nan kominote a, kote li te sèvi nan yon seri konsèy, tankou Premye Fondasyon Niagara (First Niagara Foundation), Mize Buffalo AKG (Buffalo AKG Art Museum), Vizite Buffalo Niagara (Visit Buffalo Niagara), ak Fondasyon Kominotè pou Greater Buffalo (Community Foundation for Greater Buffalo), epi li se yon konseye aktyèl pou Kou Devlopman Imobilye Kominotè East Side Avenues (East Side Avenues Community Real Estate Development Course).

Sam Capitano aktyèlman se manadjè komèsyal nan Sendika Entènasyonal Travayè Nò Amerik, Konsèy Distri Travayè nan Nò Eta New York. LIUNA reprezante manm ki anboche nan endistri konstriksyon ak lòt domèn. Akonplisman Capitano yo gen ladan Akò Patenarya Donovan prive a, yon pwojè rediksyon amyant 7.5 milyon dola, yon akò pou konstriksyon sendika ak ki pa sendika ki pèmèt tou de bò ki sendika ak sa ki pa sendika yo mete tèt yo ansanm epi travay nan tèt kole pou konplete l avèk siksè; travay ak ECHDC avèk Empire State Development pou retire pwojè Bass Pro a epi devlope yon plan pou sa yo rele kounye a Canalside; epi dirije ekip negosyasyon Buffalo

Building Trades sou Pwojè Harbour Center Buffalo Sabres ki gen siksè, yon pwojè 300 milyon dola ki te ede transfòmè bò lanmè Buffalo a epi ki te poze baz pou devlopman ekonomik anba lavil la ki te vin apre a.

Anons Gouvènè a jodi a vini pandan efò yo ap ogmante nan bò lanmè Buffalo a. Pwojè Amelyorasyon Wilkeson Pointe sou Outer Harbor Buffalo te kòmanse otòn sa a. Travay nan yon sit prèske 3 ekta, zòn ki genyen ant kwen dlo Wilkeson Pointe ak antre Fuhrmann Boulevard ki tou pre a pral renove pou bay vizitè yo pi bon eksperyans. Paviyon Evènman Outer Harbor 13 milyon dola a pral pare pou òganize konsè ak lòt eksperyans nan pwochen prentan. Yon pwojè amelyorasyon 5 milyon dola nan Bell Slip ap konstwi epi li pral founi twalèt ak yon teras ki bay sou bò dlo a.

Transfòmasyon North Aud Block ap kòmanse ak konstriksyon ki demare sou bilding Gateway la, ki se yon estrikti ki gen plizyè etaj ki finance pa eta ki pral pèmèt ECHDC jere operasyon sit yo nan yon lokal ki nan Canalside. Plan pou rès North Aud Block la ap pwogrese tou. Plan an prevwa transfòmasyon yon pasèl ki vid ki prèske mezire 0.8 ekta pou yon itilizasyon komèsyal, vant an detay ak rezidansyèl miks nan plizyè bilding ki ta reflekte kèk pati nan kadriyaj lari orijinal 19èm syèk la pandan y ap adapte ak enkòpore tou enfrastruktir ak ekipman 21èm syèk yo. Nan menm vwazinaj sa a, pwojè Heritage Point 40 milyon dola a ap dewoule, sa ki pral pote 61 apatman, yon restoran, biwo ak espas komèsyal nan Canalside la. Gateway la ak lòt pwojè yo te avanse grasa anons Gouvènè Hochul an out 2022, ki te akselere finansman NYPA pou Bò Lanmè Buffalo.

Enfòmasyon sou Erie Canal Harbor Development Corporation a

Se yon konsèy ki gen nèf manm, kote gen sèt direktè ki gen dwa pou vote ak de (2) direktè dofis ki pa gen dwa pou vote, ki ap dirije Kòporasyon Devlopman Kanal Pò Erie (Erie Canal Harbor Development Corporation, ECHDC) a. Gouvènè Eta New York la te rekòmande sèt direktè ki gen dwa pou vote yo, epi se Kòporasyon Devlopman Iben Eta New York (New York State Urban Development Corporation) lan ki fè biznis kòm Empire State Development lan antanke sèl aksyonè ECHDC ki nonmen yo. De pozisyon direktè dofis ki pa gen dwa pou vote yo se Egzekitif Konte Erie a ak Majistra Vil Buffalo a.

Antanke filyal Empire State Development, ajans prensipal devlopman ekonomik Eta a, Erie Canal Harbor Development Corporation a ap sipòte epi ankouraje kreyasyon enfrastruktir ak aktivite piblik nan Canalside, koridò Ohio Street ak Outer Harbor ki atire yon mas investisman kritik, prive epi amelyore jwisans bò lanmè a pou rezidan ak touris nan lwès New York yo. Vizyon li se revitalize bò lanmè rejyon Lwès New York la epi retabli kwasans ekonomik nan Buffalo ki baze sou eritaj fyète, enpòtans iben ak bote natirèl rejyon an.

###